


Konsèy

pou fè aktivite chak jou yo
tounen aktivite pou aprann



pale, koute,
li, *jwe*

Aprann koumanse nan sa ki rive chak jou

Timoun
koumanse
aprann depi
momman
yo fèt la

Depi nan moman yon timoun fèt, li koumanse ap aprann bagay sou fanmi l, sou kote li ye a, ak sou tout bèl kapasite li genyen yo. An mezi l ap grandi, chak esperyans ede l aprann plis ak pran konfyans nan tèt li.



Lè timoun lan rive nan jadendanfan, li pral kapab sèvi ak tout sa li aprann fè yo. Nan jadendanfan an, pwofesè timoun lan pral montre l gade liv, fè desen, rakonte istwa, epi fè nouvo zanmi.

Pwofesè nan jadendanfan an pral obsève ak anrejistre pwogrè pitit ou a – li pral gade kisa li kapab aprann fè pou ede l travay byen nan lekòl li. Si gen bagay li poko konn fè, pwofesè a pral planifye aktivite ki pral ede timoun lan aprann fè yo.

Kòm papa oswa manman, ou kapab ede pitit ou pare pou l travay byen nan lekòl li. Tiliv sa a gen plizyè aktivite ki pral antre fasil nan aktivite ou fè chak jou yo, epi li pral ede pitit ou devlope nan sèt kalite aktivite enpòtan li pral bezwen nan jadendanfan:

- Devlopman Pèsonèl ak Sosyal
- Pale ak Li avèk Ekri
- Devlopman Konesans li nan:
 - Reflechi sou Matematik
 - Reflechi sou Syans
 - Syans Sosyal
 - Aktivite Atis
- Devlopman Fizik

Depi kounye a, koumanse fè aktivite ki ekri pi devan la yo.

Pale ak Li avèk Ekri

Nan pale ak li avèk ekri, genyen tout konesans ki pral ede timoun lan aprann li, ekri, ak pale pou di kisa ki nan lide l.




Ou ka sèvi ak aktivite sa yo pou ede pitit ou pran konesans nan lang ak nan li avèk ekri

- Koumanse pale ak pitit ou depi jou li fèt la. Menm pandan li se yon tibebe, timoun lan ap aprann son ki nan lang ak kadans nan konvèsasyon.
- Reponn lè pitit ou a koumanse ap eseye pale. Se lè l ap eseye aprann pale epi li bezwen ou ankouraje l.
- Jwe ak mo yo – mo ki rimen ansanm, pawòl pou jwèt, epi tire kont tankou sa ki gen tim-tim, bwa-chèch.
- Li pou pitit ou chak jou. Menm yon timoun tou piti ap benefisye nan moman w ap pase ansanm avèk li a pou fè lekti, ak si w di mo nouvo yo pou li pandan w ap montre l pòtre yo.
- Mande pitit la kesyon sou liv nou li ansanm yo, epi sou pòtre yo, ak sou sa li kwè ki pral rive apre nan istwa a.
- Bay pitit ou a kreyon ak papye pou li "ekri" lis, istwa, ak siy – menm si kounye a se majigridi sèlman li konn fè.
- Kite pitit ou a pale oswa reponn poukont li lè l nan mitan lòt moun, pase pou w pale pou li oswa prese l pou l reponn.

Devlopman Pèsonèl ak Sosyal

Devlopman pèsonèl ak sosyal genyen ladan l kapasite yon timoun pou konprann ak kontwole emosyon l, pou aji ak lòt moun, ak pou fè konnen kisa li vle. Sa ki sèvi kòm fondasyon pou devlopman pèsonèl ak sosyal yon timoun, se relasyon timoun lan avèk papa ak manman l, epi avèk lòt moun. Li genyen ladan l tou jan timoun lan wè tèt li, jan l gade tèt li tankou yon moun k ap aprann , ak sans responsabiltè l an rapò ak tèt li epi an rapò ak lòt moun.



Ou ka ede pitit ou a devlope kapasite pèsonèl ak sosyal li

- Reponn si timoun lan kriye. Sa fè timoun lan santi ou renmen l, epi sa montre l fè w konfyans paske ou enterese nan li.
- Chak fwa ou kapab, kenbe timoun lan epi manyen l dousman. Gade l anfas, epi pale dousman avèk li. Sa ede etabli koneksyon timoun lan bezwen pou l kapab santi li an konfyans, ak pou l devlope relasyon l ak lòt moun.
- Ankouraje timoun lan eseye nouvo aktivite; fè l konpliman kit li rive fè bagay la, kit li pa rive (tankou eseye mache, eseye manje poukont li, pale pou premye fwa, elatriye...)
- Pou montre timoun lan ou fyè efò l ap fè, afiche travay atis li fè sou frijidè oswa sou miray nan kay la.
- Ede pitit la koumanse konprann ak kontwole pwòp emosyon l (tankou lè li kontraye, elatriye...) Ede timoun lan konprann emosyon lòt moun.
- Pou ede timoun lan rezoud pwoblèm li, mande l bon kesyon epi ede l reflechi byen, pase pou w di l repons lan sèlman.

Reflech' sou Matematik

Sa ki sèvi kòm fondasyon pou aprann matematik, se kapasite pou konprann chif, mezi, konbinezon, ak fòm. Timoun bezwen sèvi ak nosyon fondamantal sa yo pou rezoud pwoblèm, nan matematik elemanè.



Papa ak manman ka ede pitit yo devlope kapasite pou yo reflechi sou matematik

- Konte bagay ki nan aktivite chak jou yo; lè w ap benyen timoun lan, konte zòtèy li avèk li, konte bouton oubyen presyon nan rad li pandan w ap abiye l, epi konte konbyen pa nou fè lè n ap mache.
- Montre bagay ki pi gwo oswa pi piti pase lòt (tankou liv, jwèt, soulye, elatriye...)
- Klase bagay dapre koulè oswa gwosè yo – tout chosèt ble yo ansanm, oswa tout chemizèt timoun lan ansanm.
- Dekri konbinezon yo; mande pitit la kisa ki vini apre nan yon konbinezon blòk, oswa nan desen ki sou yon chemiz, oswa nan yon ranje ti boul piti.
- Sèvi ak mo ki gen deskripsyon, tankou "plis pase" ak "mwens pase", epi mo ki montre pozisyon tankou "anba", "sou kote", ak "anlè".
- Montre fòm bagay ou sèvi chak jou yo; pa egzanp, devan yon bwat sereyal se yon rektang, epi arebò bòl la se yon sèk.
- Pandan w ap fè manje, montre pitit ou kouman ou sèvi ak zouti pou mezire, tankou tas ak kiyè pou mezi yo. Pran wotè timoun lan ak yon riban pou mezire oswa yon règ.
- Pale sou sekans aktivite chak jou yo: "Apre nou manje, nou pral nan pak la epi nan magazen."

Reflechi sou Syans

Reflechi sou syans kapab vle di gade sa ki genyen nan anviwonman an, epi aprann enpòtans ki genyen nan mande kesyon. Timoun bezwen kapab chache konprann sa ki nan kote yo ye a; pou fè sa, yo bezwen obsève, dekri, mande kesyon, jwenn esplikasyon, epi rive nan konklizyon.



Men aktivite ou ka fè pou ede pitit ou reflechi sou syans

- Ale mache deyò, epi fè timoun lan tande son yo, gade bagay ki genyen, epi santi odè yo.
- Pale sou tan an; ankouraje pitit la predi chanjman tan yo.
- Ankouraje timoun lan obsève zannimo domestik, zwazo, ak lòt bèt; pale sou sa nou wè yo fè.
- Ede pitit ou a aprann plis bagay sou plant ak bèt ki sanble yo enterese l.
- Chache bagay pou pitit la pran tan gade byen deyò a, tankou wòch, fèy, flè, ak grenn bwa.
- Sèvi ak yon loup, yon longvi, epi ak yon règ pou etidye diferan bagay.
- Sèvi ak yon loup, yon longvi, epi yon règ pou etidye sijè yo.
- Ankouraje pitit la gade bagay ki deplase vit ak sa ki deplase dousman, epi predi ki bagay ki pral flote sou dlo ak sa ki pral fè fon, epi aprann li dlo pral jele pou tounen glas.

Syans Sosyal

Syans sosyal ede yon timoun konprann sosyete kote li viv la. Li konprann tèt li an premye, tankou yon moun, epi li komanse rekonèt ak apresye diferans nan lòt moun, epi li komanse konnen gen lòt kilti ak lòt peyi ki egziste.




Ou ka ede pitit ou a devlope kapasite pou l aprann syans sosyal

- Pale sou diferans ki genyen, ansanm ak bagay ki sanble, ant fanmi w ak lòt fanmi, sou kantite timoun ki nan fanmi an, sou wotè yo, sou laj yo, elatriye...
- Di ki travay chak moun nan fanmi w ap fè.
- Ede pitit ou a jwe wòl yon moun li konnen nan kominote a, tankou yon pwofesè, yon doktè, oswa yon komi nan magazen.
- Ale nan plizyè magazen nan katye a, epi di kisa yo fè nan sipèmache, nan magazen soulye, nan famasi, elatriye...
- Etabli epi pale sou règ pou fanmi an, tankou lè pou ale nan kabann oswa travay pou chak moun fè nan kay la.
- Patisipe nan yon aktivite netwaye katye ak pitit ou; di l poukisa sa enpòtan.
- Mennen timoun lan vizite kote ki enteresan nan zòn lan, tankou bibliyotèk, mize, sosyete istorik, epi pak.

Aktivite *Atis*

Nan aktivite atis yo, genyen patisipasyon timoun nan dans, nan teyat, nan boza, ak nan mizik. Sa pèmèt timoun yo patisipe aktivman epi aprann valè ki genyen nan sa yo wè.



Aktivite sa yo ka ede w aprann pitit ou fè travay atis

- Chante avèk pitit ou. Bat men avèk mizik la.
- Jwe mizik epi ankouraje timoun lan danse ak chante pandan w ap jwe.
- Bay timoun lan enstriman (tankou kiyè bwa, mamit, chodyè, ak bwat plastik) pou l fè mizik tou pandan w ap jwe.
- Bay pitit ou plizyè kalite materyèl chak jou pou l fè desen. Mande l pale w ki travay atis li fè a.
- Ede pitit ou a jwe wòl pèsonaj nan istwa li pi renmen an, epi nou chak jwe diferan wòl.
- Mennen pitit ou wè plizyè kalite prezantasyon mizikal, dans, ak espozisyon atis ki konn gratis nan plizyè sant kominotè, nan legliz, nan kèmmès ak festival deyò, nan parad, ak nan sant komèsyal.

Devlopman Fizik *ak Sante*

Nan devlopman fizik ak sante, timoun aprann kenbe kreyon pou fè desen ak ekri, kouri, sote, epi prekosyon pou sante ak sekirite yo.



Ou ka ede pitit ou nan devlopman fizik ak pwoteksyon sante l

- Jwe boul ak pitit ou – atrap, choute, tire boul.
- Bay pitit ou plizyè kalite ti jwèt pou l jwe, tankou blòk ak Legos, planch pou plante ti pyon, epi jwèt pasyans ki vin pi difisil youn apre lòt.
- Bay timoun lan founiti atis pou l fè egzèsis koupe, kole, penn, ak fè desen.
- Kite timoun lan pran tan li bezwen pou fè ti aktivite poukont li, tankou lave men l, mete manto sou li, ak mete soulye nan pye l poukont li.
- Pèmèt timoun lan ede fè travay nan kay toutotan li kapab, tankou ranje tab, mete pen deyò pou manje, oswa ranmase rad sal li.
- Depi anvan timoun lan koumanse lekòl, aprann li fè yon ne – tankou mare lasèt soulye oswa ne sou yon bwat kado.
- Manje sa ki bon pou ou ak pou timoun lan, epi pale sou manje ki bon ak manje ki pa bon pou sante.
- Aprann timoun lan lave men l ak bwose dan l.

...epi, sa ki pi enpòtan an, lè timoun lan fè yon efò, ankouraje l ak konpliman. Sipò ou ba li a pral bay timoun lan kouraj pou chache konnen, pou poze kesyon, pou renmen, ak pou aprann.



Countdown to Kindergarten se yon pwojè nan tout Eta a ki travay ak plizyè òganizasyon, ak sistèm lekòl piblik, ak bibliyotèk, epi ak lòt moun pou fè jenn timoun nan Maryland yo jwenn ankourajman, epi pou fè yo pare pou travay byen nan lekòl.

Pou wè tout kalite materyèl pou aprann òganizasyon sa yo genyen, ale nan pòtay Entènèt www.countdownMD.org la, oswa telefone nimewo gratis sa a: 1-866-752-1614. Pòtay Entènèt la gen plis enfòmasyon toujou sou sa ki pou ede timoun pare pou lekòl, sou sèvis pou w chwazi pou okipe timoun, sou evalyasyon pou jadendanfan, ak sou aktivite papa ak manman timoun yo ka fè pou ankouraje yo kouraj pou aprann bonè.

Si w gen nenpòt kesyon sou jan pitit ou kapab kourajman aprann oubyen devlope bonè, telefone 1-800-535-0182 pou pale ak yon moun nan Maryland Infants and Toddlers Program oswa nan Preschool Program nan Maryland State Department of Education.

Finansman pou Countdown to Kindergarten soti nan M&T Bank, ak nan Harry and Jeanette Weinberg Foundation, ak nan Governor's Office for Children, Youth and Families, Constellation Energy, epi nan National Governors Association. Pèsonèl pou travay la soti nan Maryland Committee for Children. Countdown To Kindergarten: Learning Begins at Birth voye yon gwo mèsi pou Countdown to Kindergarten: Boston pou lidèchip li kòm pwogram modèl epi paske li pèmèt li sèvi ak logo CTK a.

Countdown to Kindergarten: Learning Begins at Birth
Maryland's Early Childhood Public Engagement Campaign
608 Water Street
Baltimore, Maryland 21202
www.countdownMD.org